No. 52 23 December 1930 Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,— ⎫
½ „ . . . . f 3,— ⎬ njoewoen kabajar roemijin.
3 woelan . . f 1,50 ⎭

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

Margi saking Rihaja Wijosan Dapoenika, ingkang dawah ing dinten Kemis lan Djoemoewah, Sw. Tm. minggoe poenika awal medalipoen.

Redactie Sw. Tm.

Wonten sadèrèk kintoen *bibingah* dateng Administratie. Soepados ladjeng kateroesna dateng lengganan Sw. Tm. ingkang sampoen mbajar loenas sataoen babar pisan, *ingkang toemandja ing taoen 1931*, lan ingkang katampi roemijin pijambak.

Mangga énggal ngloenasana taoen 1930 lan 1931!

Administratie Sw. Tm.

MINOELJA ALLAH ING ENZ.

Gloria in altissimis Deo, et in terra pax hominibus bonae voluntatis.
Minoeljakna Allah ing ngaloehoer-ing ngaloehoer.
lan ing boemi tentrem - ajem mring manoesa kang djoedjoer karepé.

25 Désèmber! Noewoehaké rasa gagasan pangangen-angen apa baé!

Ratri trang, pangon noenggoe wedoesé, malaékat goemebjar soemorot; lan tjedak baé: goewa kandang pangoengsèn kéwan, sepi njenjet, ndjekoet! Ing djero: Sang Djabang Baji, terasan mentas mijos; ingadep kanti soengkem semadi ing Sang Kenja ingkang Iboe, lan ing Santo Joesoep, ingkang Rama emban!

Wis ora ana manèh? Kedjaba teteloe ikoe, kang ana ing goewa maoe? Hm, kok ora!

Apa ija ora ana sidji - sidjia, sing martakaké mrana - mrana, jèn Sang Djabang Baji woes mijos? Ija Sang Djabang Baji kang dadi impèn - impèné para Leloehoer wiwit saka Bapa Ibrahim tekan Santo Joanes Pampabtis?

Hjang Agoeng ora samar: malaékat bjar soemorot, medaraké kanti rerepèn, apa tegesé Sang Djabang Baji mijos:

Gloria Deo — saos bekti ing Allah.

Pax hominibus — asoeng *tentrem-ajem* ing manoesa.

25 Désèmber! Pax, pax, pax!

Soemangga, para sadèrèk, Katoelik, ing dinten poenika ngéngetana dateng noegraha ageng kanti seneng bingah nrimah ing Goesti, sak-deg sak-njet — sak-jeg: pax, pax, pax!

Soemangga, para sadèrèk Katoelik Indonesiër, sampoen kraos kapentjil oetawi njelé! Bangsa Katoelik sanès ing dinten poenika inggih sami bingah-bingah. Wijara ing pamoelat wijara ing pangraos: bangsa Katoelik saloemahing djagad awoedjoed namoeng gotrah satoenggal! Toenggilna rerepèn pandjenengan sesarengan kalijan rerepènipoen bangsa Katoelik sanès, atoenggil goemolong dados satoenggal, anggajoeh ing ngakasa! Sak-deg sak-njet sak-jeg: Pax, pax, pax!

* * *

25 Désèmber! Pax, pax, pax!

Moegi dinten poenlka dadosa pepènget! Moegi aksi kita mawia tjap: *Pax!*

Kanti nggegroet anggèn kita *madjeng pijambak* lan anggèn kita *ngadjengaken sadèrèk* ingkang taksih kantoen; djoemangkah dateng kaloehoeraning bangsa kita!

Soemangga sami sesarengan, sakdeg sak-jeg;

Pax, pax, pax!

Th.

PRADJA RAHAJOE.

MOEGI ANDADOSNA PANGGALIHAN.

Manawi boten kléntoe W.K. ing Ngajodja sampoen sawatawis woelan boten ngwontenaken pepanggihan woelanan (krans) kados adat saben. Sarèhipoen koela poenika tijang ingkang kirang ing seserepan, dados inggih betah sanget wontenipoen pepanggihan woelanan waoe.

Pantjèn boten sakedik paédahipoen pakempalan poenika, poenapa malih toemrap dateng tijang ingkang kirang seserepanipoen, kados koela saoepami. Déné paédahipoen kados ing ngandap poenika:

1. Ngindakaken kekendelan.
2. Ngindakaken seserepan,
3. Ngindakaken katresnan.

Ngindakaken k e k e n d e l a n ateges, boten kok kendel, wantoen kalijan pandoeng oetawi medal pijambak ing wantji daloe, nanging kendel ing ngriki ateges: Saoepami koela poenika adjrihan, isin pepanggihan kalijan tijang sanès, kang mangka koela kerep tampi serat oeleman saking bestuur W. K. lan ing serat oeleman waoe sok kaseboetaken: „Rawoeh pandjenengan kaadjeng-adjeng sanget." La poenika manawi koela poeroen dateng, wonten ing ngrikoe koela ladjeng saged kepanggih sadèrèk katah. Dangoedangoe, manawi koela sampoen kerep kempalan ladjeng itjal adjrih isinan koela waoe. Poenapa koela boten nama bati poenika?

Ngindakaken s e s e r e p a n, boten kok ladjeng soemerep poenapa-poenapa ingkang ing grija boten wonten, jèn késah kempalan ladjeng semerep, nanging ateges: Manawi ing salebetipoen pepanggihan waoe wonten rembag warni-warni, koela ladjeng ngertos pemanggihipoen sadèrèk katah, toemrap rembag waoe. Poenika kanggé koela inggih nama bati ageng.

Ngindakaken k a t r e s n a n ateges boten tresna kados tijang sesémahan, nanging ateges: Ing temboeng walandi poenika wonten ingkang moengel „Onbekend maakt onbemind." Dados jèn makaten, tijang manawi boten tepang inggih boten saged tresna remaket. Nanging manawi namoeng tepang totok inggih dèrèng tjekap, jèn boten kerep pepanggihan oetawi sesrawoengan. La kados-poendi sarananipoen jèn badé kepanggih sadèrèk katah? Boten sanès inggih sarana pakempalan.

Wonten sadèrèk ingkang ngandika: „Jak géné sik A karo sik B kaé ja wis kerep koempoelan kok ja ora remaket, nèk kepetoek kok ja ming antoek-antoekan waé, ora omong-omongan." La, manawi poen A mengidoel poen B mangalèr poenapa inggih ladjeng mandeg omong-omongan, kang mangka selak perloe? Poenapa remaketipoen poen A kalijan B waoe dipoenpirsakaken ingkang ngandika poenika? Kados boten perloe.

Wonten malih ingkang ngandika: Akoe ki wong ora ngerti apa-apa, tiwas anaké da nangis, nèng kana ja ming meneng waé. Bok ja wis trima nèng ngomah." Boten ngaten sadèrèk, rawoeh pandjenengan dateng pakempalan damel regenging pakempalan lan damel mareming manahipoen bestuuripoen. Damel mareming sanès boten sakedik pangaosipoen.

Sawenèh malih wonten ingkang ngandika: „Wong nèng ngomah ki gawéjané akèh djé: olah-olah, resik, ngoembahi, nggoejang - goejangi anak, l. s. p, Kang mangka bapakné si tolé ki, nèk arep tak tinggal, jèn kroengoe anaké nangis, djoer nesoe; lé moeni: Ora sah koempal-koempoelan, anggeré gawèjanmoe déwé wis rampoeng, rak wis tjoekoep!"

O, poenika klèntoe sadèrèk, manawi pandjenengan kagoengan kersa tindak kempalan, inggih wonten margi (waar een wil is, is een weg). Lan, manawi poenapa-poenapa, manawi namoeng ngèmoeti dateng pandamelanipoen pijambak tok poenika boten nama tresna bangsa, nanging tresna badanipoen pijambak. Tenèh mangké ladjeng boten wonten pakempalan!

Koela atoeri émoet sadèrèk, kados-poenapa ageng ing kasangsaranipoen Goesti pepoendèn kita Sang Kristoes, kanggé koela sadaja.

Milanipoen, sarèhning W.K. sapoenika sampoen nggebjoer wonten ing kalangan djawi i. p. wonten ing P. P. I. I. koela sadaja para warganing W. K. kedah toemoet ngadjengaken pakempalan kita pijambak ing saged - sagedipoen, soepados jèn kagebjoeraken wonten ing kalangan djawi, boten katingal ngoetjiwani; sebab madjeng-moendoer, pedjah-gesanging Pakempalan poenika goemantoeng dateng koela sadaja.

Ingkang dèrèng dados lid, koela atoeri énggal mlebet. Ingkang sampoen dados, koela atoeri amerlokaken rawoeh, jèn wonten parepatan.

Manawi wonten klodak-kladoeking temboeng, njoewoen pangapoenten.

R. I. S.

SESOELOEH.

Sw. T. No. 49. sedèrèk E. Pandada 'ndangoe: „Poenapa goenanipoen tjatjaran wonten ing baoe sisih nginggil?" Ing ngriki keparenga koela ngatoeri katerangan sawetawis:

I. Sadjatosipoen tjatjaran poenika kéngang-kénging kémawon, dipoentjatjaraken wonten sadéngah panggénan péranganing badan, oepami: kémpol, poepoe, geger, dada, tjekakipoen soemangga karsa, dalah poetjoeking grana jèn karsa inggih kénging. Djalaran toewoehing sasakit tjatjar poenika inggih sak enggèn-enggèn.

II. Déné oemoemipoen tijang dipoentjatjar wonten ing baoe sisih nginggil, sebabipoen mekaten: toemrap laré alit, boten gampil dipoenkoekoer, njakétjakaken pandjaginipoen tijang sepoeh. Djalaran jèn ngantos dipoenkoekoer nggampilaken infectie.

III. Gandèng kalijan papriksan toemrap oetoesaning nagari, belanging tjatjaran waoe sampoen katemtokaken panggénanipoen, inggih poenika: wonten ing baoe sisih nginggil, kiwa oetawi tengen. Oepami: moerid-moerid ingkang badé ngladjengaken pasinaonipoen oetawi laré badé wiwit loemebet sekolah, ingkang kapriksa temtoe ing baoe sisih nginggil waoe.

IV. Menawi wonten prijantoen ingkang roemaos lingsem dipoentjatjar wonten ngadjengipoen tijang katah, prijantoen waoe kénging nimbali (ngatoeri) mantri-tjatjar, oetawi tindak dateng grija sakit; djalaran para dokter, mantri-verpleger (ster) lan vroedvrouw, poenika sami gadah diploma kénging natjar. Koela oegi matoek sanget, manawi Nagari ngawontenaken mantri-tjatjar èstri, speciaal kanggé golongan prijantoen poetri.

W. S.

ECONOMIE.

WAWASAN BAB PANGGAOTAN LAN PADAGANGAN.

Ébahing ndjawi pradja, Indonesia.

Koela sampoen naté matoer (Sw. Tm. no. 43) bilih „ — Perantjis, tanah mlarat, namoeng bab anggoeran mèh boten wonten" — poenika njata margi saweg kémawon sawenèhing serat saking Europa martosaken makaten:

I n g P e r a n t j i s b o t e n w o n t e n t i j a n g n g a n g g o e r.

„Najaka Pakarjan ing Perantjis martosaken menawi tijang anggoeran ing Perantjis (September) namoeng wonten 904, ing mangka minggoe kapengker wonten 928. Toer toenggil wekdal kalijan wontenipoen tijang anggoeran 904 waoe wonten tijang saking mantja 2702 ingkang a n g s a l pendamelan wonten Perantjis. Mila kénging kaseboetaken: tijang ingkang kekirangan pandamelan ing Perantjis b o t e n w o n t e n. (Tijang mantja 2702 waoe ingkang 861 tijang Itali, ingkang 395 tijang Portegis, 336 tijang Polen, 38 tijang Djerman)."

Mekaten oengeling ketrangan saking Belgie, tangganipoen tanah Perantjis.

Déné kakabaraken bab katahing anggoeran badé kaebroekaken dateng Volkenbond, poenika temtoe badé kelampahan, namoeng adat radi rendet. Mila kaoem kantong - besar oegi sampoen tata - tata pijambak. Woelan kapengker radja - arta ing Djerman, Perantjis lan Inggris sami dateng New York perloe ngrembag bab poenika kalijan radja-arta ing ngrika. Radja arta tetiga saking Europa waoe makili Bank of England, Bangue de France lan Reichsbank ing Djerman. Dados bab poenika njata sampoen dados manahanipoen bara kawogan saèstoe, katanda radja-radja bank ngantos sami djengkar perloe rerembagan!

Poenapa mas Andaja boten gadah paseksèn saking Amerika?

Gadah, tjobi koela ingoekipoen.

Njata, kados atoer koela ing Sw. Tm. no. 43. *overzicht* ingrika inggih boten ngrembag bab malaise, nanging tansah ngrembag bab adjenging padagangan, boten toemoet pados réka amerangi bala-anggoeran.

Ing ngrikoe (babagan wawasan: padagangan lan lampahing arta) ingkang bakoe mamèraken adjenging radio awewaton kala-warti ingkang nama R a d i o a n d i t s F u t u r e. Manoet kala warti waoe kala 8 taoen kapengker grija 28.000.000 sa U. S. A. poenika ingkang gadah toestel radio namoeng 60.000; ing mangka sapoenika ingkang gadah pirantos radio sampoen langkoeng saking 10.000.000 grija! (Angka-angka poenika namoeng mligi toemrap U. S. A.).

Déné sa U. S. A. wonten grija 18.000.000 ingkang sami gadah montor toempakan, lan grija 13.000 000 ingkang sami gadah gramophoon.

Poenapa perloenipoen njoemerepi angka-angka poenika?

O, poenika perloe sanget toemrap para among dagang. Alandesan angka-angka waoe ahli dagang radio ing ngrika saged damel pétangan: bilih apes taksih badé saged sadé pirantos radio katahipoen 22.000.000. Mila para soedagar pirantos radio gadah pengadjeng-adjeng saged oegi taoen 1931 ngadjeng poenika dados t a o e n s a é toemrap dagangan radio, ngèngeti angka 22.000.000 waoe!

Menawi bab montor terang saja dangoe saja soeda grengsengipoen, margi kénging kaseboet ing U.S.A. sampoen k e b a k, sampoen boten wonten ingkang kelowongan boten gadah montor (mekaten poenika toemrap tijang ingkang s a g e d toembas montor).

Doemoegi bab montor koela kèmoetan dongèng kala taoen kapengker, margi kala samanten Chicago bingoeng anggènipoen badé mboetjali rosokan montor.

Ing Ngajodja rosokan montor wonten Kerkhof-ipoen, wonten ingkang poeroen toembas, lan grijanipoen njata kaseratan: AUTO-KERKHOF! (tjelak Pakalaman) Ing U.S.A. boten makaten. Tjara ngrika montor poenika jèn sampoen sepoeh sami kalijan tlétong kapal, dipoentilar toeroet margi. Ngantos regeering oetawi pangrèh gemeente bingoeng anggènipoen mboetjali, lan kala samanten dados v r a a g s t u k ageng-agengan, kados-poendi akalipoen! Kilap sapoenika, vraagstuk waoe sapoenika sampoen loedang poenapa dèrèng, koela boten ngertos.

Margi tjara ngrika oepami A gadah montor sampoen sepoeh, dipoentoempaki wonten mergi kantoen-kantoen defect, teroes A waoe mandap, nètèl plaat nomering montor, blas njèngklak taxi, bus oetawi trèm oetawi montoripoen mitranipoen, lan poen montor defect waoe sampoen boten katolèh malih, tegesipoen: gemeente poenja oeroesan!

Terkadang A waoe bibar nètèl plaat teroes mlebet toko montor, nèken chek, medal saking toko sampoen nitik montor énggal! doemoegi grija tolé lan bjangné tolé sami moengel: wah!—sampoen, boten mawi takèn: sing lawas ana ngendi.

Kotjapa gemeente: montor waoe kaklempakaken, ngebak-ngebaki papan! Kaedjèr, kabesmi, ragadipoen kekatahen, angsal - angsalanippen boten mingsra! kalaboeh ing saganten, r a g a d i p o e n n g a n g k a t kémawon sampoen maèwoe - èwoe! Mila bingoeng! bingoeng kebak batang montor!

Oepami montor waoe kakèndelaken kémawon? O, lah, tenèh mergi-mergi pating begegeg kebak rosokan! Mila leres kala samanten dados rembag saèstoe.

Bab tanah Itali oetawi Mussolini, kadang kita Patjar Mérah ing Sw. Tm. angka 43 inggih sampoen toemoet ngrembag, dados koela kantoen mewahi sakedik. Koela matoer jèn bala anggoeran ing ngrika, Itali, sami katjadong teda oetawi pendamelan negari, poenika boten teka metik koran sanès, nanging awewaton koranipoen Mussolini pijambak. Ing poestaka warti ingkang koela tampi saking ngrika, njetakaken kados-poendi akalipoen merangi penganggoeran waoe. Déné ingkang katah sami kapoerih damel kreteg, mergi sepoer, mergi toja lan mergi ageng. Akalipoen negari ingkang makaten waoe dados njrambahi kalih - kalihipoen; ngindaki pandamelan lan ngindaki woeloe - wedaling negari (sarana damel margi toja oetawi irrigatie).

Tanah - tanah tjengkar glatakan ingkang mataoen-taoen boten ngertos asreping toja, margi saking krekatipoen radja-Fascist saged njawoek toja wening, ilèn saking toek, moerakabi sanak-kadang lan pasabinan!

Poenapa Mussolini tanpa tjatjad? Bab poenika nggepok politik, Andaja boten perloe toemoet tjampoer.

Menawi toemrap Noesantara ngriki kados - poendi?

Menawi tjara koela pambadé koela kados Treub, i.p. jèn kaoem Noesantara sami moelat lan trangginas ngemong mangsa, malaise sapoenika poenika mergi saé kanggé ngrebat papan ing padagangan lan panggaotan.

Margi, wontenipoen malaise poenika kaoem dagang tengahan sami deg-degan, margi sampoen sami keladjeng kilak. Jèn kita teroes saged nglangkahi (uitschakelen) bangsa soedagar tengahan waoe temtoe peng-pengan, legi wohipoen; moempoeng para dagang-e n g r o s sami moeloeng nepangi poen kromo!

Dados jèn keleresan, mangsa rekaos poenika malah badé mbekta dradjad énggal dateng kita wonten ing madyaning kalangan penggaotan lan padagangan, — samanten waoe jèn kita waspada lan tjoekat nandangi, awit tanda-tanda boten sepi: Pasoeroehan, Kediri, Betawi ébahing kaoem dagang ketingal toer nggregoet!

ANDAJA.

„C. S."

„C.S." inggih poenika pakempalan „coöperatie Soeboer" ing Tandjoeng (Brebes), ingkang dipoendegaken déning para sadèrèk ing rikoe. Madegipoen saweg sawatawis woelan, inggih poenika wiwit 2 Augustus '30.

Wiwitan namoeng wonten lid 14, sapoenika sampoen wonten lid 20, sarta kandidat lid 12. Kandidat lid inggih poenika ingkang saweg nitjil aandeel (dèrèng djangkep sa - aandeel), „C. S." njadé aandeel à f 5, kénging katjitjil kaping 5 à f 1.

Samangké woedjoeding pangoeroesipoen C. S.:

1. Voorz. Sdr. R. Loehoeri, mantri poelisi Tandjoeng.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

Gecombineerde openb. vergadering ddo. 14-12-30. ing Karanganjar Z.B.

Ing dinten kasboet nginggil, ing kita Karanganjar, dipoenwonteni Combineerde op b. vergadering. Déné ingkang toemoet ngadani pakempalan kasboet, inggih poenika: B. O. afd. Ka.; P.G.H.B. Gombong, Karanganjar, Rawakelé, P. P. K. D. afd. Ka.; W. O. afd. Gombong, P.P.B.B. afd. Ka. lan cooperatie sawatawis.

Déné ingkang ndatengi:

1. saking wakiling pakempalan^2; goenggoeng kempal ±35 pakempalan.
2. tjatjah tijang ± 500 san, ingkang tjeta, wonten 450 (djalaran mawi dipoenkartjis, mangka oegi katah ingkang tanpa kartjis).
3. wakil paréntah: Wadana lan Mantri politie kita Ka.
4. wakil pers. Sedijatama, Kengpo, Djanget, Soeboer, SwaraTama. Lan R. T. Mr. Wangsanagara oegi rawoeh.

Sadèrèngipoen kabikak, comité van ontvang, nglairaken panoewoen lan gambaraning manah, wasana toentoenan parepatan kapasrahaken dateng Voorzitter.— Voorzitter ladjeng mbikak parepatan satjaranipoen vergadering, wasana agènda. 1. karembag: inggih poenika bab Herordeningsplant. Ingkang dados panoentoening rembag poenika: sadèrèk T. Hardasoemarta: sadèrèk inleider, nerangaken kalijan pandjang, bab: asal-asalipoen, dadosipoen lan badé oewohipoen, sadaja katrangaken ngantos gamblang. Salebeting nerangaken, katah keplok lan goedjenging tetijang ingkang sami mirengaken. Toendonipoen, parepatan moetoes: *nolak* wontening Herordeningsplan poenika. Woesana ladjeng moetoes ndamel motie dateng ingkang wadjib, ingkag maksoedipoen anolak wontening éwah-éwahan waoe. Lan moesi waoe ladjeng badé kakintoen dateng sadaja pers ingkang kaanggep perloe, langkoeng-langkoeng dateng P.G.H.B. ageng. (moesi margi katah, pinten-pinten kebèt, mila boten koela patjak. J. B.)

Sarampoengipoen poenika, noenten angrembag agenda no. II, inggih poenika bab. Coöperatie. Déné ingkang dados pamedar sabda, pandjenenganipoen *R. Toemenggoeng Mr. Wangsanegara* najaka dalem ing Soerakarta. Pandjenenganipoen ladjeng medar sabda; kanti oepami toewin toelada warni-warni, ingkang wosipoen, perloe tetijang Indonesia nggantosaken prakawis ékonomi, wewahwewah prakawis industrie, kedah dipoensantosani (dipoentandangi). Wasana kanggé toetoepipoen pamedar sabda, pandjenenganipoen, memoedji ingkang soepados ekonomi saha koeperatie kita ngriki (k. a.) sageda soeboer, lan soemrambah dateng sanès djadjahan. Pangandikaning pamedar sabda, katampènan ing parepatan kanti keplok ramé mawoerahan.

Sabibaripoen poenika, katah para sadèrèk ingkang sami neda katrangan-katrangan bab ekonomi lan coöperatie; sadaja kawangsoelan saperloenipoen.

Parepatan kabikak djam 10 kirang 15'— katoetoep ± djam 1.

J.S.B.

P. G. H. B. afd. Pekalongan.

MOTIE.

Rapat terboeka diadakan oleh tjabang P. G. H. B. Pekalongan, pada hari Minggoe tanggal 14 December 1930. bertempat digedong bioscoop „Royal Theater" dikoendjoengi oleh ± 130 orang, dimana 16 wakil perkoempoelan^2 diitoe tempat dan 1 wakil pers.

Mendengarkan pembitjarakan^2 hal Herordeningsplan.

Berpendapatan:

Bahwa peroebahan jang dimaksoedkan olèh Herordeningspan ta'akan memberi perbaikan bahkan kira^2 akan mengoendoerkan pengadjaran.

Memoetoeskan:

a. Tidak setoedjoe dengan maksoed Herordeningsplan.

b. Menjampaikan motie ini kepada Verbondsbestuur P. G. H. B. dengan menjatakan amat setoedjoenja dengan actie V. B. P. G. H. B. tentang onderwijs.

c. mengoemoemkan motie ini kepada pers.

---

2. Secr. Sdr. S. Siswawijata, goeroe bantoe Tandjoeng.
3. Penn. Sdr. R. Koesoemo Darmodjo, Djr. Wedono Tandjoeng.
4. 5. Com. Sdr. R. Kardijo Hadihardono, Beambte Pagantosan. lan Sdr. M. Tamdjid Stationchef S. C. S.

Lan Tokohouder sdr. R. Soedarba St. Klerk S. C. S. lan R. Soegonda, mantri goeroe.

„C. S." poenika Verbruikscoöp. Njadé barang-barang kaperloeanipoen tijang gegrija padintenan. Para lid-lid kénging bon dateng „C. S.", boten kénging langkoeng saking 80% ning agengipoen aandeel pijambak-pijambak.

Kapital wiwitan wonten f 265, ing salebetipoen 4 woelan poenika sampoen saged angsal kaoentoengan ± f 80 kepara langkoeng-langkoeng.

Lo, rak sampoen loemajan ta sadèrèk, namoeng saweg 4 woelan sampoen saged kaoentoengan, samanten, boten sakedik. Mangka kadjawi angsal kaoentoengan, ingkang badé kaedoem dateng para leden saben taoen, taksih angsal kamirahan panoembasipoen barang-barang, sabab toemrap ing rikoe poenika kita distrik boten patos ramé, para warga waoenipoen manawi blandja dateng patjinan, regining barang sampoen dipoenantem krama saèstoe.—

Sareng wonten coöp., saged blandja dateng kita, bédanipoen regi katah sanget.

Poenapa déné C.S. sampoen saged andajani roemaketing sesedèrèkan, djalaran saben woelan dipoenwontenaken pepanggihan, minangka sandjan-sinandjan ing panggénanipoen para warga gantos-gantos.

Saoepami kawontenan lan lampahipoen lestantoen makaten kémawon, sataoen rak saged oentoeng f 200 san, ing mangka manoet glagadipoen, lidipoen tansah mindak-mindak, saja nggrengseng, kapital tansah mindak-mindak. Dados béndjng sataoen kémawon bokmanawi kaoentoenganipoen sampoen . . . . . loemajan. —

Moegi-moegi kémawon sadèrèk, sageda soeboer, njèplesi kados namanipoen „Coöperatie Soeboer."

Soemangga para sadèrèk, panggénan pandjenengan ingkang dèrèng wonten coöperatie énggal poen adani. —

Sadèrèk Katoelik . . . !, mangga ta tjékat-tjèket, pang-pang K.W.-K.W. poenapa boten perloe ngawontenaken coöperatie?! P. G. H. B. . . . ??

Taklim koela: *S.*

ECONOMIE SAKING SESORAHIPOEN R. T. MR. WANGSANEGARA.

(Sambetipoen Sw.-Tm. no. 51).

Kados-poendi rékadaja koela? Katah sardjana ing Indonesia (Dr. Treub enz). sami gadah kamareman ningali economie ing Indonesia ngriki mergi namoeng ngèngeti export ing ngriki. Mangka exporting tanah kita poenika dédé takeraning kekijataning economie kita. Kita kedah ngoedi, mergi ngèngeti bilih exporting tn. Indonesia poenika ratjak gadahanipoen onderneming, bangsa sanès. Mangka bangsa sanès waoe boten tetep manggèn ing ngriki.

Ekonomi poenika boten saged ndjagèkaken pitoeloenganing Paréntah, kedah kita oedi pijambak. Kandjeng Pamaréntah roemijin sampoen pinten-pinten mlijoen anggènipoen ngedalaken ragad kanggé mitoeloengi economie kita. Nanging sapriki dèrèng wonten wohipoen, mergi pitoeloenganipoen roemijin namoeng nggepok dateng prakawis (zakelijk) oep.: ngwontenaken pamatjek lemboe, irrigatie, landbouw consulent lss.— dados boten dateng tijangipoen (persoonlijk). Mangka ékonomi poenika ingkang perloe tijangipoen. Dados sapoenika manawi kita badé ngoedi, inggih kedah amboedidaja soepados tijangipoen ingkang éwah.

Pangoedi kita merginipoen wonten warni^2. Pangoedi ingkang adakan oepami ndjagi (langkoeng^2 para bestuur) sampoen ngantos wonten patjeklik, poenika inggih sampoen mitoeloengi ageng. nDjagi soepados panénan saged medal. Margi manawi wonten awoning panénan samang sa kémawon, poenika sampoen noewoehaken patjeklik oetawi kawontenan awon warni-warni.

Wonten malih sarana ngwontenaken pak. coöperatie, poenika inggih saé, oep. productie coöperatie, verdeelingscoöperatie, consumptieve coöpertie lss. Productie coöperatie i.p. srana ngwontenaken pabrik lss. Verdeelingscoöperatie poenika sabangsa vakvereening. Ing ngriki vakvereening poenika nama dèrèng ketingal, nanging ing negari Welandi oetawi ing Inggris, vakvereeniging poenika sampoen nggegirisi sanget dajanipoen. Kados déné toewoehipoen arbeidswet, poenika inggih saking dajaning vakvereeniging. Ing ngrika poenika ingkang asring nggesah malah kaoem kapitalisme, dédé arbeiders. Dados kosok-wangsoel kalijan ngriki. Samanten oegi negari, ing ngrika ngajomi kaoem kapitalisme (ngréntjangi kaoem ingkang ringkih). Boten kados ngriki. Ing tn. Inggris, menawi wonten koeli kepliset, poenika dados oeroesan ageng. Ing riki boten. Dados ngantos samanten dajaning vakvereeniging ing ngrika.

Sapoenika consumptieve coöperatie. Poenika gandèng kalijan verbruikscoöperatie, i. p. toembas kabetahan sesarengan teroes ndjoedjoeg dateng pabrikipoen pijambak (tanpa lantaran). Verbruikscoöperatie poenika dédé pak. ngedegaken toko, nanging pak. ingkang mligi namoeng njanggi kabetahan tok.

Poenika sadaja waoe patoeran koela toemrap coöperatie ingkang oegi kénging kadamel mergining pangoedi koela dateng kaékonomian. Coöperatie poenika ragi salaras kalijan wewatekan kita bangsa Djawi, mergi wiwit kina mila kita poenika nggadahi dedasar coöperatie (samenwerking).

Emigratie.

Menawi ngèngeti tn. Djawi anggènipoen saja dangoe saja kekatahen tijang (overbevolking), poenika inggih pantes kita ngoedi dateng adjenging emigratie. Sampoen dipoenpétang tjatjahing tijang Djawi ingkang medal saking tn. Djawi poenika namoeng wonten 15% ning indaking djiwa tn. Djawi (ing sataoenipoen). Mangka terang, bilih Buitengewesten poenika sitinipoen teksih wijar, teksih koewawi jèn namoeng kanggé njanggi pindahan saking tn. Djawi kémawon. Nanging sampoen nginten bilih saben emigratie poenika temtoe saé wohipoen! Saged saé namoeng jèn: tijang ingkang pindah waoe, wonten ing rika poeroen njamboet damel saèstoe. Manawi boten, malah ndadosaken boten prajogi. Sabab katah tijang Djawi ingkang wonten ing riki gesangipoen noendjang-noendjang (ékonomi awon), ladjeng pindah, wonten ing rika malah ladjeng noelari tijang ngrika, ingkang ékonominipoen sampoen saé. Dados emigratie kénging katindakaken, manawi sakinten badé saé kedadosanipoen. Manawi emigratie namoeng badé awoet-awoetan bangsa kémawon, boten prajogi sanget. Poenika atoer koela bab emigratie.

*

Kedjawi poenika tijang ingkang badé ngoedi amrih saéning ékonominipoen kedah:

1. poeroen meper dateng kabetahanipoen, srana gesang pasadja. Ing riki wonten ingkang kanggé tjonto i. p. Mahatma Gandhi; sandangan toewin tedanipoen, Gandhi poenika pasadja sanget.
2. ngijataken economie srana njamboet damel mempeng lss.
3. mitoeloengi panggaotanipoen pijambak (nationale industrie). Poenika ingkang kanggé tjonto inggih Gandhi. Gandhi poenika sandanganipoen tenoenanipoen pijambak. Malah pijambakipoen oeger badé sesorah, njontoni nenoen roemijin wonten sangadjeng publiek, boten kétang 5 menit. Toemrap kita tijang Djawi prajogi sanget migoenakaken tenoenan kita pijambak, loerik. Prekawis penganggénipoen, sakadjeng kita pijambak-pijambak (boten mesti kanggé rasoekan), nanging oeger apesipoen kita ngadjengaken dateng tenoenan kita poenika.

Oeger satimbang kalijan pamedal kita, inggih boten wonten awonipoen kita manganggé djas, djas bikak, dasi lss. mawi badé lena, laken, palmbeach lss. Awit poenika oegi dédé satoenggiling kamoendoeran. Nanging sasaged-saged kita kedah ngoedi, anggèn kita toembas badé, ndjaroemaken rasoekan waoe, dateng sedèrèk Djawi. Djalaran kita ngertos terang, bilih arta kita waoe oebengipoen temtoe namoeng badé dateng bangsa kita kémawon. Minangka panoetoeping atoer, koela wangsoeli malih, ingkang perloe, kita kedah:

1e. gesang pasadja.
2e. meper kabetahan.
3e. mitoeloengi kaboedajan kita pijambak.

Sampoen:
KETJIL ex Semaranger.

VAN LITH-STICHTING

Soemangga sami ngersakaken dados CONTRIBUANT Van Lith-Stichting.

Penningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
Moentilan N. I. S.

ONDERWIJS.

HERORDENINGSPLAN ONDERWIJS.

(Sambetipoen Sw. T. no. 49.)

Angladjengaken rembag Onderwijs gandèng kalijan Herordeningsplan. Kawontenan ingkang koela atoeraken ing ngandap poenika, pandjenengan premanakaken.

Kala kepjakan adegipoen H.I.O. C. parepatanipoen H.I.O.C. ingkang sapisanan, katitimangsan 3 Dec. 1927, dirèktoer Onderwijs t. Hardeman, medar sabda wosipoen makaten:

R. R. 1818, amengan i kori E. L. S. "kanggé para Inlanders lan ingkang kasamèkaken. Nanging inggih namoeng papan satoenggal poenika ingkang dados pangangson kawroeh Kilénan kanggé Inlanders. Awalipoen abad sapoenika, ngelakipoen tetijang dateng Westersch onderwijs saja sanget. Ngantos kapeksa nglebetaken piwoelang basa Walandi dados leervak wonten pamoelangan angka kalih. Poenika wiwitipoen kala taoen 1907. Dados ladjeng wonten pamoelangan angka satoenggal.

Pamoelangan poenika boten wijar tebanipoen. Namoeng kanggé anaking para ambtenaar, prijantoen loehoer toewin tetijang soegih.. Wohipoen pangadjaran poenika, boten njenengaken. Laré-laré wedalan ngrikoe namoeng saged dateng opleidingsschool kanggé Inlandsche ambtenaren toewin Kweekschool. Ingkang saged katarimah K. A-examen awis sanget.

Taoen 1914, pamoelangan angka satoenggal dipoenbangoen. Kadjengipoen, njoekani sakolahan Inlanders ingkang *sami kalijan E. L. S.* Let tiga welas taoen sasampoenipoen kabetahanipoen nagari lan partikelir katjekapan, djiwa ing H.I.S. ladjeng ngelar doemoegi golongan tengahan lan tetijang alit.

Mekaten pangandikanipoen t. Hardeman.

Ing Publicatie H. I. O. Commissie: „De uitbreiding van het westersch Onderwijs in N. I." kapratélakaken bilih anggènipoen Indonesiërs pikantoek onderwijs Kilénan dèrèng dangoe. Taoen 1900 saweg kémawon dipoenwonteni radi saé, nanging namoeng mligi *lager* westersch Onderwijs. Indonesiërs ingkang pikantoek mlebet ing H. B. S. wiwitanipoen awis sanget. Kirang langkoeng taoen 1910 dipoensoekani Mulo, lan taoen 1915 A. M. S. Pamoelangan inggil wontenipoen saweg kala 1920, i. p. Technische Hooge School ing Bandoeng. Rechts Hooge School adegipoen kala 1924, dédé Medische Hooge School saweg kala taoen 1928.

Nitik kawontenan ing nginggil, kanti angèngeti wiwiting toemantjebipoen papréntahan Walandi wonten Indonesia, tétéla bilih onderwijs ing ngriki *randat*. Sarta inggih pantes oegi pandjenengan pèngeti kados ingkang sampoen naté kawedaraken saoedara Patjar Mérah (zie Sw. T. no 17:) onderwijs ing ngriki saben-saben ameningi djaman *éwah-éwahan*. Sakolahan angka kalih wiwit klas 4 dados klas 5, 6, vervolgschool, Standaardschool, Kweekschool klas 6 dados klas 5, wasana dados H. I. K; Osvia dados Mosviba, sasamipoen. Poenika mratandani bilih anggènipoen Paréntah maringi Onderwijs dateng kita tansah wonten salebeting *èwed-pakèwed*.

Saja tjeta malih! Koela atoeri maos boekoenipoen t. prof. dr. Snouck Hurgronje: „Colijn over Indië" katja. 17, 18, 19 Koela pendet kémawon soeraosipoen makaten:

„Ing tengahané abad 18, nagara lagi wiwit manggalih onderwijs kanggo Inlanders. Manoet panemoené dr. Kuyper III, wektoené lakoening onderwijs pantjèn soewé, randat banget. Ing sawenèhing panggonan diadegi pamoelangan angka loro. Rèhné pangadjaran ing kéné babar pisan ora njoekoepi kanggo pawitané para *Inlandsche Bestuur ambtenaar*, moelané bandjoer disoesoeli hoofdenschool. kang bésoeké bandjoer dadi „opleidingschool. Sakolahan iki maoe kanggo nganakaké prijaji Priboemi sing dadi piranti kena dienggo ing mesiné paprèntahan Éropah. (tot bruikbare instrumenten voor de Europeesche bestuursmachine.") Pamoelangan maoe sanadjan isih koetjiwa, diarepi banget wong-wong kéné. Akèh botjah sing ditoelak; pada ketjoewan. Ing kono bandjoer wiwit goemarégah andjaloek oendaké lan betjiking onderwijs.

Pandjaloek iki maoe ora kok marga loewih sereng marang Westersche cultuur. Nanging marga koematjèloening wong marang oendaking apiké daradjad ing maatschappij. Dèk samana kabèh pangkat sing pengadji, ditjekel wong Éropah. Inlanders kedesoek; ora kanggo. Wong-wong koelit nembaga bandjoer ana sing ndjaloek soepaja anaké olèh mleboe ana ing E. L. S.

Anggoné ngengakaké lawanging E. L. S. kanggo anaké wong Priboemi sawatara, pantjèn *rekasa. Angèl banget!* Manawa dibabadaké bisa nganti ngandar-andar dawa banget. Para bestuur ambtenaar lan panggedéné sakolahan ratjaké pada ngarah ngalang-alangi leboené anak Inlanders ana ing E. L. S. Paréntah *pakèwoeh* banget, Mangertiné mono ija mangerti manawa sadjané ora adil samangsa nglarangi mleboené Inlanders ana ing E. L. S. Nanging ora wani gawè poetoesan sing goematok. Ing bab iki, sakolahan-sakolahan partikelir doewèké pakoempoelan Agama, loewih loma. Bareng wis let *soewé banget*, lagi waé Paréntah nganani Hollandsch Inlandsch Onderwijs: dadi E. L. S. ora klebon Inlanders.

Doemoegi semanten katingal soesoelakipoen onderwijs-politiek *Ned.-Indïe.*

Saja tétéla malih, manawi pandjenengan njatet ing ngandap poenika!

„Wonten ing kepjakan H. I. O. C. kaseboet nginggil, t. Hardeman (dirèktoer O. en E.) njarijosaken anggènipoen Nagari jasa H. I. S. poenika nedya njoekani *onderwijs* ingkang *sami kalijan E. L. S.*

Karsanipoen Nagari ingkang makaten waoe pantes kita hoermati. Lan anggèn koela sami matoer noewoen sampoen kaboetèkaken déning katahing anak^2 kita ingkang mlebet mrikoe. Nanging pratikipoen?? Poenapa H.I.S. sami kalijan E.L.S.? O, manawi makaten saèstoe, tenèh boten perloe dipoen-jasani voorklas Mulo barang. Mangka wedalan H.I.S. ingkang katah-katah ndadakmampir mrikoe roemijin!

Kadjawi poenika, t. Hardeman wonten kepjakan waoe ngandaraken bilih peken pakarjan kebandjiran laré pados pandamelan ingkang namoeng wedalan sakolahan H. I. S. oet. langkoenga sakedik saking H. I. S. Kawontenan poenika manoet pamanggihipoen, saged anoewoehaken kadadosan ingkang boten saé toemrap pradja lan pasrawoengan.

Margi wontening pamanggih makaten, poenapa élok bilih onderwijs politiek ing ngriki ladjeng angentjengi: „Wis! Stop! Mandeg saméné waé! H. I. S. di-ilangi!"

Bokmanawi inggih namoeng *Indija-Nederland* poenika ingkang wonten rembag intelectueele overproductie, ingkang andjalari Paréntah nginger oebenging kemoedi onderwijs-politiek.

Tjekak, Herordeningsplan poenika kados ingkang saweg katjeta ing sapoenika, katah pitoenanipoen toemrap Indonesiërs.

Ing ngriki koela ngatoeri pamrajogi dateng Paréntah mawi temboengipoen t. Frederik van Eeden: „Wie zijn land bevolkt met zwakken van geest, leeft in voortdurend gevaar van erupties". „*Sing tanahé kenggonan wong kang ringkih rohé, tansah oerip ing sadjroning babaja pandjebloeg*" Dados soepados boten wonten *goenoeng andjebloeg*, tetijangipoen kedah kaoedi soesila-soesila toer pinter-pinter.

Kaantepaning manah koela:

Anjoemerepi soesoelaking onderwijs politiek ing ngriki, koela saja ngantepaken pamanggihipoen kadang Patjar Mérah ing Sw. T. no 24 taoen poenika i.p. soepados tetijang ngriki saja temenanan anggènipoen toemandang *damel sakolahan pijambak*. Tijang Indonesia wonten 60. 000. 000, poenapa boten saged ngatingalaken katijasanipoen? Mangga para wadya kabangsan, boten pradoeli saking kalangan poenapa, sami neba dateng padoesoenan, jasa sakolahan-sakolahan. Onderwijs-instelling partikelir, samia toemandang sengkoet!

A. S. D.

TANGGAP SABDA!

(Coëducatiestelsel boten dipoenadjengi déning para ahli panggoela-wentah).

Dimas „Trenggana."

Koela sampoen maos, artikel pandjenengan, babagan meisjesonderwijs!! Pamanggih koela, asésé sanget!! Wontenipoen Coëducatiestelsel ing tn. Indonesia ngriki, ndjalari moendoering pasinaonipoen laré èstri, ndjalari sakedik sanget tjatjahipoen Srikandi Indonesia ingkang sampoen ngraosaken legi manising onderwijs ing pamoelangan tengahan lan pamoelangan inggil!!

Kita sadaja mangertos ngelaking ra'jat Indonesia dateng onderwijs, ingkang badé kanggé srana mbekta maboer bangsanipoen dateng langiting kamadjengan!! Kados-poendi saged kita maboer kanti rikat, manawi soewiwi kita kiwa ingkang kadadosaken saking barisanipoen kaoem iboe poenika „sèngklèh" oetawi apes boten timbang lan kekijatanipoen swiwi tengen, temtoe tjalon rendet lampahing kamadjenganipoen ra'jat Indonesia!!

Babagan poenika njata sanget!

Jèn kita nedya ngadjengaken ra'jat, kita kedah migatosaken dateng meisjesonderwijs!! Saja katah laré èstri ingkang pinter-pinter, saja saé; djer tjalon saja rikat lampahing kamadjengan kita!

* * *

Sapoenika poenapa ta, kapitoenanipoen wontening tatanan „Coëducatiestelsel" poenika?

Kapitoenan ingkang ageng sanget i. p. babagan kasoesilan, déné babagan sanès-sanèsipoen inggih wonten, nanging babagan poenika boten badé koela singkiraken kémawon saking rembag koela poenika; koela soemanggakaken dateng para maos!!

Principieel „Coëducatiestelsel" wonten ing pamoelangan andap, boten mbebajani, waton poen goeroe „MOELAT" kémawon!! Éwasamanten terkadang kanggé moerid-moeriding pangkat nginggil, ingkang moeridipoen sampoen radi ageng^2 inggih meksa wonten bebajanipoen; oepami: kanggé pamoelangan angka II. wiwit klas IV. — V, kanggé H.I.S. wiwit klas V. — VII.!!

Practiesch „Coëducatiestelsel" kirang njenengaken, kabekta saking bédaning karakteripoen laré djaler lan laré èstri!!

Kedjawi poenika ing pamoelangan tjampoeran, laré-laré èstri boten saged nampi piwoelang ingkang saleres lan koewadjibanipoen ing béndjing ingkang tjalon kasanggi!!

Para sadèrèk!!

Sapoenika kanggénipoen wonten ing pamoelangan „tengahan lan inggil" kados-poendi?? Inggih wonten ingriki tatanan tjampoeran sanget boten njenengaken!! Koela atoeri matitisaken: M.U.L.O. H.B.S. A.M.S. lsp.

Ing wekdal poenika, para moeda ngambah ing wekdal ingkang gawat sanget. Ing wekdal poenika para moeda waoe ngantjik djaman „overgangstijd" ngantjik ing wekdal ingkang dipoennamani „puberteitsjaren." Inggih ing wekdal poenika waoe kanggéning para moeda inggih djaler inggih èstri, sami kémawon, wiwit birahinipoen!! Gagasan lan pepénginan saja keras toekoelipoen, djer laré djaler lan èstri dipoenwor kémawon! Studiening para moeda waoe wonten ingkang sok kirang madjeng, margi alangan^2 waoe, malah kerep kémawon dados koerban, boten minggah; oetawi terkadang „medal."

Memelas sanget!!

Kados déné ingkang koela soemerepi ing wekdal mangké Pamaréntah pro lan Coëducatiestelsel. Sanadjan negari inggih kagoengan sekolahan ingkang mligi kanggé laré èstri.

Ingkang dados pangadjeng-adjenging bangsa kita — pamoelangan pisahan — dados laré èstri lan djaler kapisah!!

Kados déné ing nginggil, koela

matoer bilih Coëducatiestelsel boten dipoenadjengi dening ahli panggoelawentah! Ing riki koela badé njaosi boektinipoen:

Manoet verslag saking afdeeling I. toemrap vereeniging voor paedagogiek, koela saged ngatoeraken, bilih para djendoel èlmoe panggoelawentah ing negeri Welandi sapérangan ageng boten notjogi wontenipoen tatanan pamoelangan tjampoeran. Malah pihak vrijzinnigen kémawon inggih katah ingkang boten notjogi. Makaten oegi verslag saking tw. Rathone, kanggénipoen tn. Amerika!!

Ing Chicago wonten éwah-éwahaning tatanan pamoelangan, inggih margi ageng pitoenanipoen Coëducatiestelsel. Laré-laré sasampoening doemoegi klas nginggil ladjeng dipoenpisah, boten dipoenwor.

Paedagoog Mausbach sanget tegen lan Coëducatiestelsel.

„Ida Winkler" lan „Ida Heymans" nerangaken bilih kanggé ndjagi bebaja, wiwit oemoer 12 th. laré èstri lan djaler prajogi kapisah!!

Kados tjekap samanten kémawon.

* * *

Dados nitik poenika, boten ngemoengaken bangsa kita kémawon, ingkang boten ngadjengi wontenipoen Coëducatiestelsel — nanging oegi bangsa-bangsa sanès!!

Wontenipoen Coëducatiestelsel njata satoenggiling alangan toemrap kamadjenganing meisjesonderwijs kanggé bangsa kita; dados ateges oegi ngalang-alangi kamadjenganing ra'jat Indonesia!

Sampoen samestinipoen, manawi P. P. I. I. ladjeng ngatoeraken motie dateng Pamaréntah njoewoen tambahing pamoelangan - pamoelangan èstri!! Sampoen samestinipoen jèn kita sedaja inggih kedah mbijantoe dateng actie waoe!! Sampoen samestinipoen jèn pakempalan - pakempalan ingkang manah dateng onderwijs, oegi toemoet migatosaken bab poenika, ladjeng damel actie, notjogi motienipoen P.P.I.I. nalika congres wonten ing Mataram, soepados Pamaréntah saja rikat anggènipoen nindakaken kasagahanipoen.

Koela pitados sanget bilih negari inggih badé migatosaken saèstoe dateng rembag poenika; langkoeng-langkoeng sampoen kawijos kasagahanipoen. Makaten oegi pamaréntah oegi temtoe kersa ngipataken pakèwed-pakèwed ingkang kasanggi déning pakempalan-pakempalan ingkang migatosaken dateng meisjesonderwijs; oepami kados déné „Melania-vereeniging."

Dimas „Trenggana" ngendika bilih negari boten najogjani panjoewoenipoen St. Melania-werk voor Java, jasa 6e. jarige meisjesschool ingkang mawi tatanan subsidie kados Standaardschool. Poenika njata makaten, kanggénipoen roemijin!! Nanging kanggé sapoenika, katjeta wonten ing wangsoelaning negari bab panjoewoenipoen 't St. Melania-werk malih, ingkang kabantoe ing para prijantoening negari, oep: padoeka Gouverneur Djawi Wétan; Inspecteur Inlandsch Onderwijs Ve. ressort, Inspecteur bij den Algemeene dienst i. p. nalika njoewoen kaparenga 't St. Melania - werk voor Java jasa 6e. jarige meisjesschool wonten ing Patjarkling Soerabaja! Bab waoe kaparengaken; madegipoen mbéndjing Juli 1931.

Atoeran waoe oegi katoemrapaken dateng pakempalan-pakempalan sanès; watonipoen ngèmoeti bab-bab ingkang sampoen katamtokaken déning Pamaréntah. i. p: Namoeng kanggé ing kita ingkang ageng-ageng!!

Menganing kori waoe, sanget ndadosaken bingahing ra'jat; badé ngangsalaken woh ingkang mbijet sanget; badé damel saja rikating kamadjenganipoen ra'jat kita!!

* * *

Minangka panoetoep, koela memoedji moegi-moegi P.P.I.I. inggih migatosaken dateng meisjesonderwijs; moegi-moegi P. P. I. I. inggih jasa pamoelangan pijambak!! P.P.I.I. gadah Studiefonds „Seri Derma" kados inggih saged ngadani jasa pamoelangan èstri pijambak, soepados saja katah tjatjahing pamoelangan èstri ing tanah Indonésijah!!

Moegi-moegi „Nationale Onderwijs Stichting Trijasa" ingkang oengap-oengoepipoen badé dipoentandangi déning P. P. K. D. — P. K. W. lan P. W. K. oegi migatosna dateng onderwijs kanggé laré èstri.

Doemoegi samanten kémawon.

Taklim *„Hercules."*

KASOESASTRAN.

WAWASAN BAB KASOESASTRAN DJAWI.

(Ki Ranggadarminta).

III.

Ing sadèrèngipoen naliti menggahing soeraosipoen serat-serat babaran-babaran kasoesastran ingkang kalebet djaman kina, kaparenga koela angladjengaken roemijin ndjèrèng babagan tata pangiketipoen, inggih poenika babagan *sekar kakawin*. Ing ngadjeng sampoen koela atoeraken, bilih kita sami gadah poesaka tetilaranipoen tijang kina serat ingkang marsitakaken tjara lan wawatonipoen anjekaraken inggih poenika serat Wrettasantjaja kaseboet ing ngadjeng.

Menggah sekar kakawin poenika, ing dalem satembang (sapada ageng) isi kawan larik (kawan pada), dados kados déné pantoen Melajoe. Déné katahing wanda ing dalem sapada waoe kawastanan *lampah*. Oepamipoen sekar: *Sardoelawikridita* (Skr. Çârdûlawikridhita), poenika lampah 19.

[illegible]

(I. 15.)

Djarwanipoen:

Poentjaking parang - parang angoengkoeli djoerang djero kaja naraka.

Kaliné andjog ing djoerang kasempjoki ing bengkahaning padas.

Sriti-sriti ing awang-awang bareng moeni seroe swarané anjenengaké.

Kakajon anjawang awelas toemijoeng karo angawé-awé.

Sekar Dretawilambita, lampah 12

[illegible]

(VIII. 1.)

Djarwanipoen:

Bandjoer maboer Sang Anceman (Pawanâtmaja)
awang-awang dalané anggoné maboer,
garoeda, srengéngé, angin ora amadani,
lakoené nggoemoenaké banter kaja lakoening pikiran.

Ing djaman samangké kalimrah tijang sami mastani, bilih pangiketipoen sekar ageng poenika langkoeng gampil tinimbang sekar matja-pat, djalaran tanpa *goeroe lagoe*, na moeng nganggé *goeroe wilangan* kémawon. Pamanggih ingkang makaten poenika sanjatanipoen kénging kawastanan kewalik bledjed; ing saleresipoen sekar matja-pat poenika malah ingkang *tanpa goeroe lagoe*, déné sekar ageng kedah nganggé wewaton goeroe lagoe. Menggah ingkang koela atoeraken makaten poenika goeroe lagoe ingkang temenan, dédé goeroe lagoe ingkang dipoentegesi dawahing dong-dingipoen sekar matja-pat. Bokmanawi anggènipoen ladjeng klintoe poenika saking sampoen boten damang dateng pakem ingkang saloegoe oetawi saking béragipoen dateng rimbagan ingkang mawi temboeng goeroe. Tandanipoen ing mangké taksih katah ingkang seneng ngrimbag mawi temboeng goeroe, oepami: goeroe dasanama, goeroe sastra, goeroe wanda, goeroe warga, goeroe karja, goeroe sarana, goeroe darwa, goeroe djarwa, (Katrangan tjandra sangkala. 21). Saged oegi goeroe lagoe anggènipoen dados teges kados ing samangké poenika namoeng kapendet saking: ateges wawatoning lagoe. Tjekak aos, kasoemanggakaken, djer èstining manah boten nedya moelang damel sekar, namoeng damel wawasan bab wontening kasoesastran kita.

Menggah temboeng „goeroe lagoe" poenika wonten ing woelang sekar kawi oetawi indoe, „goeroe" ateges: awrat (pandjang), „lagoe" ateges: èntèng ing sekar *tjelak*. Wondéné wanda ingkang kawastanan pandjang poenika: a. *ingkang mawi sandangan swara pandjang*, b. *aksara ingkang sigeg*. c. *aksara ingkang mawi sandangan taling, taling taroeng*. d. *aksara tjelak ingkang doemoenoeng sangadjengipoen aksara pandjingan oetawi tjakran*. e. *aksara ingkang doemoenoeng ing poengkasaning pada, sanadjan tjelak inggih kaanggep pandjang*. Déné ingkang boten kalebet ing wewaton waoe, sadaja *tjelak*. Menggah wanda ingkang pandjang jèn wonten ing woelang sekar kagambar —, tjelak ⏑ wasananing pada, ⏓

Dados sekar Sardoelawikridita kaseboet ing ngadjeng waoe, jèn kagambar goeroe lagoenipoen, woedjoedipoen makaten:

— — — | ⏑ ⏑ — | ⏑ — ⏑ |
⏑ ⏑ — | — — ⏑ | — — ⏑ | ⏓.

Déné jèn Droetawilambita:

⏑ ⏑ ⏑ | — ⏑ ⏑ | — ⏑ ⏑ | —
⏑ ⏓ ||

Wondéné menggahing nama-namanipoen saklangkoeng katah, sarta boten mitoeroet katahing lampahipoen; sanadjan lampahipoen sami, nanging jèn goeroe lagoenipoen béda, inggih béda namanipoen. Oepamipoen sekar ingkang alampah 8: (toelada sekar kakalih saking Wrttasancaya)

[illegible]

Sekar Witâna: — ⏑ ⏑ — ⏑ ⏑
— ⏓ ||

Djarwanipoen: Kembang toendjoeng nedeng aroem, ana ing talaga bening, anengsemaké ing tengahé, manoeké witana seneng-seneng adoes.

[illegible]

Sekar Bhramarawilambita:

⏑ ⏑ ⏑ ⏑ — ⏑ ⏑ ⏓ ||

Djarwanipoen: Omahé asri ngang-go pajon doek.
(ikoe) rerengganing talaga,
kembang katangga soemebar,
Kembangé agandoelan. (ing kembang maoe)
(Kawi. 1. 276.)

Kados sampoen tjekap samanten atoer koela babagan iketan sekar kawi, sapoenika soemangga sami naliti isi soeraosipoen serat - serat babaran kina.

(taksih wonten sambetipoen).

WAWASAN BOEKOE.

Redactie tampi boekoe - boekoe kados ingkang kasebat ing ngandap poenika:

DJENG TIE. . . . . Poetri sedjati „Volksopvoeding" — Soerabaja.— Regi 12½ cent.

Poen **boekoe** prekis saha tjèkil (9 katja); pengetjapipoen tjeta, nanging oepami taling lan pepet kabédakaken, saged langkoeng majar pemaosipoen. **Isinipoen** mentes, tjoendoek kalijan toedjoenipoen „Volksopvoeding". Siti poenapa déné Soet soeka toelada dédé sebaénipoen: Siti matak Poetri sedjati lan Soet matak Satrija. Nanging oepami Siti lan Soet waoe mawi ngrembag dateng béndjingipoen jèn bebrajatan, langkoeng wijar anggènipoen noeladani.

Radèn S. Nimpoena en H. J. Nauta, **Tjara Djawi**. (Javaansch.); Spraakkunst— oefeningen — woordenlijst.

Uitg. Boekh. J. W. Wolters; Betawi. Reg. f 3,50.

Manoet ingkang sami nganggit, boekoe poenika toedjoenipoen namoeng kanggé ing pamoelangan - pamoelangan ingkang oegi dipoensoekani woelangan basa Djawi, ladjeng boekoe waoe minangka panoentoen, tjekap kanggé dedasaripoen tijang ingkang ing béndjing badé srawoengan kalijan tijang Djawi.

Methodenipoen boekoe poenika koela wastani saé, ing saben-saben woelangan roemijinipoen dipoensoekani temboeng - temboeng Ngoko, Kramanipoen lan Welandinipoen. Sinaoe basa Djawi, Ngoko dipoensareng kalijan Kramanipoen poenika prajogi sanget, langkoeng prajogi katimbang Ngoko tok roemijin oetawi Krama tok roemijin, ladjeng ing béndjing Kramanipoen oetawi Ngokonipoen. Sasampoenipoen temboeng-temboeng, ladjeng dipoensoekani Regels inggih poenika patokan, ing woesana Oefeningen, Ngoko kapoerih Ngramakaken lan Nglandèkaken, Welandi kapoerih nDjawèkaken ing basa Ngoko oetawi Krama.

Menawi dipoen-gatoekaken kalijan toedjoenipoen ingkang dipoenkadjengaken dateng ingkang sami nganggit, boekoe poenika saèstoe maédahi. Boekoe poenika panganggènipoen kedah kalijan pitoeloenganing goeroe mila oepami kanggé sinaoe pijambak tanpa, pitoeloenganing sanès inggih katah pakèwedi-, poen, kadosta ing rikoe boten dipoensoekani Uitspraak (oengeling aksara oetawi temboeng-temboeng) l. s.

Jèn badé kanggé sinaoe pijambak, boekoe poenika kedah dipoenwewahi malih, nanging prakawis methode sampoen saé. Ing wingking wonten woordenlijst Wlandi - Djawi. bokmenawi langkoeng saé malih oepami dipoensoekani oegi Djawi - Wlandi. Lo poenika namanipoen babar pisan, awit tanpa woordenlijst poenika manawi wonten goeroenipoen, inggih saged toemindak.

Ing atasipoen boekoe 246 katja, mangka namoeng regi f 3,50 saking pandoegi koela manawi katanding kalijan boekoe sanès-sanèsipoen kados boten kawisen.

Namoeng kémawon wonten ingkang boten koela tjotjogi. Radèn S. Nimpoena poenika asli saking poendi koela boten terang. Jèn koela moengel **béndjing, bénda** lan sasaminipoen, ing boekoe ngrikoe moengel **bèndjing, bènda** l. s. p. Saged oegi poenika lepating pangetjap oetawi dialect panggènanipoen R. Nimpoena. Ing katja 28 wonten ingkang moengel: sampoen neda (dahar) U moet niet eten, letterlijk: al gegeten, dus U moet niet eten. Katrangan ingkang kados makaten poenika koela saweg mireng sapisan poenika, manawi pantjèn **njata**, saèstoe nggoemoenaken, koewatos koela poenika mengko gèk moeng pijagahan.

Toenggilipoen ingkang boten koela tjotjogi poenika ing boekoe ngrikoe katah lepating pangetjap oetawi kirang titinipoen, kadosta: ing katja 64 dipoentiliki, ing katja 65 niliki Ng, noewèni Kr. Katja 89 kèngetzich bij toeval herinneren. Ing katja 106 wonten ingkang moengel makaten: Wordt de passieve vorm van deze werkwoorden gebruikt, dan vervalt het voorvoegsel a, dus: tak djakdoor mij uitgenoodigd om mee te gaan, sareng ing katja 107: Satiman dak adjak menjang pasar ora gelem.

Tjekak ingkang nélakaken kirang titi kalebet katah.

Prakawi methode, koela alem saé, namoeng jèn badé kanggé moerid-moerid, ing béndjing malih ing tjap-tjapan ingkang kaping kalih kaitjalana lepating pangetjap lan lepat ingkang kabekta saking kirang titi. Wondéné manawi badé kanggé tetijang ingkang badé sinaoe pijambak, kedah kawewahan malih.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

KOERBAN KASREGEPAN.

Redi Merapi koerda.

Dadosa penggalihan.

Tahoen 1930. Kita bangsa Indonésia ngalami kasangsaran - alam, kaping kalih ing dalem sataoen. Sawatawis woelan kapengker, Likasan; sapoenika: Merapi!

Redi Merapi koerda! Kados-poendi kawontenanipoen, boten perloe koela andaraken pandjang-pandjang. Oerap-sari mesti boten katalompèn.

Ingkang koela tjatet, prakawis satoenggal. Inggih poenika koerdanipoen Merapi kala Kemis 18 Dec. poenika, adamel pedjahipoen tijang (ingkang sampoen kantenan kémawon) gangsal welas. Memelas.

Tijang gangsal welas kaseboet, pedjahipoen angleresi njamboet damel wonten pasabinan ing gegampèngipoen lèpèn Blongkèng.

Angleresi njamboet damel sadèrèk? Inggih! Kawontenan makaten waoe, toemrap ingkang boten manah pandjang mesti dipoenwastani inané déwé; loepoeté déwé! Awit wiwit éndjing sampoen wonten titikanipoen jèn Merapi badé koerda saèstoe. Toer, prijantoen pangrèh pradja sampoen wongsal-wangsoel angèngetaken tetijang kiwa tengenipoen lèpèn Blongkèng; (kapétang oegi tijang gangsal welas waoe).

Inané déwé! Ora ngati-ati! Poenika pamanggihipoen tijang ingkang waton noetoeh. Ing serat kabar Mataram wonten serat oengel-oengelan anggepok prakawis poenika. Oengel - oengelan waoe awawaton katranganipoen pandjenenganipoen resident Kedoe t. J. van Pelt, makaten:

„ . . . Hoewel de bevolking in de onmiddellijke nabijheid van het Blongkèng-ravijn herhaaldelijk door de Bestuurs - ambtenaren was gewaarschuwd, heeft dit niet mogen baten, en nu kunnen wij Westerlingen wel verbaasd staan over de zorgeloosheid of onvoorzichtigheid, maar feit is dat degenen die door den gloeiend heeten laharstroom worden overvallen, ten slachtoffer vielen aan den vulkaan omdat zij tot het laatste moment nog trachten hun velden met voedingsgewassen te verzorgen (aranging aksara déning Patjar Mérah).

Dados, tetijang sakiwa tengenipoen Blongkèng sampoen wongsal-wangsoel dipoenèngetaken. Nanging pèpènget waoe boten nedasi manahipoen tijang[2]. Tetijang waoe taksih teroes angolah sabinipoen. Margi makaten tijang Kilénan sami goemoen anggènipoen kantja alit waoe boten ngatos-atos.

Manawi koela, ingkang mawas, kawontenan poenika, boten kok margi boten ngatos - atos.

Ing ngriki tetéla sapinten rekaosipoen kantja alit anggènipoen njamboet damelaken anak bodjo. Dipoenréntjangi sanadjan sampoen mangertos badé wonten babaja, meksa dipoentemah angolah sabinipoen. Inggih awratipoen pados sekoel sepiring. Toer dèrèng kantenan, menawi woeloe wedalipoen ingkang kagarap waoe taksih dados gadahanipoen pijambak. Sinten ingkang mangertos, manawi pantoen oetawi sata ingkang badé medal ing ngrikoe, sampoen dados gadahanipoen Tionghoa Moentilan? O mesakaken!

Kedjawi poenika, toemrap koela, mratandani bilih tetijang waoe sami sregep njamboet damel. Poenika njata! Jèn boten sregep, mokal ngantos nglampahana makaten.

Ing ngriki pantjènipoen bangsa Kilénan kedjawi raos sanès - sanès, kedah oegi roemaos kawelèh. Awit taksih katah bangsanipoen ingkang asring moengel: „Inlanders malas!" Koela ingkang sami dipoentjap: „Inlanders malas...." Sapoenika saged moengel: „Katakanlah toean-toean bahwa Inlanders itoe malas!"

Dados, nitk atoer koela poenika, tetijang ingkang sami pedjah waoe, dados:

Koerbanipoen kasregepan, babantenipoen madosaken sekoel sapiring kanggé awakipoen pijambak lan anak bodjonipoen

Saèstoe pantes dipoenhoermati!

* * *

Paman tani ingkang sami tilar, kataman koerdanipoen Merapi kalanipoen ngleresi wonten sabin! Pedjah pandjenengan tetep kénging kawastanan pedjah margi sregep njamboet damel! Margi tresna dateng anak - bodjo! Margi ngoepadosaken sekoel batih pandjenengan.

Angèngeti ingkang makaten waoe, pedjah pandjenengan koela aosi sanget. Tjaranipoen kamadjengan, koela njaosi eere saluut! Oepami koela koewasaa, koela mesti njaosi bintang - kasregepan lan bintang - tresna - ing - anak - bodjo. Oepami boten katah sanget makaten sasarenganipoen, mesti rajat pandjenengan koela soewoenaken bebingah dateng pangrèh pradja Magelang.

Pamoedji koela, moegi, pandjenengan sageda dados toetoeladanipoen paman-paman tani sanèsipoen. Awit tetéla oegi kasregepanipoen paman tani, adamel begdjanipoen ingkang wonten nginggil. Tanpa pandjenengan, Indonesia tanpa kekijatan. Koela sadaja ladjeng sami boten saged neda!

Wasana, koela poedjèkaken moegi arwah pandjenengan, manggiha tentrem!

* * *

Sadèrèk! Doemoegi Senèn winginipoen tijang ingkang pedjah margi pandamelipoen lahar, ingkang sampoen genah ± 700. Ingkang dèrèng kepanggih majidipoen taksih katah. Ngeres-eresi!

Pakempalan - pakempalan K. W. sami toemandang damel! Madosaken darma kanggé kasangsaran Merapi! Mangga tjantjoet sadèrèk! Swara Tama koela tanggel poeroen dados lantaran.

Kumuningsaselé: 23 Désèmber '30.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

CORRESPONDENTIE:

Abn. 87, kita sampoeg tanpi serat balapan kintoenan pandjenengan. Inggih badé kita lekasanani.

Ad. Sw. Tm.

OERAP - SARI

(PETIKAN SAKING SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATOELIK.

25 Désèmber.

Ing Ngajodja.

Ngajodja.

1. Grédja Santo Joesoep.
Djam 12 daloe Mis ageng.
Bakda mis tampi Panoenggal Soetji.
Djam 1 lan 1.30 daloe Mis limrah.
Ing salebeting Mis waoe badé wonten rerepèn kanggé moeljakaken riajanipoen Wijosan Dalem.
Djam 7, 7.30, 8, Mis limrah.
Djam 6.30 sonten (malem Djoemoewah) Lof ageng mawi woelangan.

2. Grédja Santo Franc. Xav. (Kidoel lodji).
Djam 6. éndjing Mis ageng.
„ 7, 7.30, 8,30, 9, Mis limrah.
„ 5.30 sonten Lof ageng.

3. Grédja Santo Antonijoes (kota baroe).
Djam 12 daloe Mis ageng.
Bakda Mis tampi Panoenggal Soetj-
Djam 1 daloe Mis limrah.
„ 1.30 „ „ „
Ing salebeting Mis waoe badé wonten rerepèn-rerepèn kanggé moeljakiaken wijosan Dalem.
Ladjeng wonten woelangan tjara Djawi.
Djam 5.30 sonten (malem Djoemoewah) Lof ageng mawi woelangan tjara. Landi.

Gandjoeran.

Djam 12 daloe Mis ageng mawi woelangan.
„ 1 lan 1.30 daloe Mis limrah.

Sedajoe (Goeboeg).
Djam 12 daloe Mis ageng.
„ 1 „ lan djam 7 éndjing Mis limrah.

Samaitan.
Djam 12 daloe Mis ageng.
„ 1 lan 1.30 daloe Mis limrah.

Medari (Morangan).
Djam 7.30 éndjing Mis ageng.
„ 8.30 „ „ limrah.

Kalasan.
Djam 5.30 éndjing Mis ageng.

Ngidjon.
Djam 6.30, 7, 7.30 Mis Soetji.
„ 6.30 éndjing Mis Soetji.
„ 7 „ „ „
„ 7.30 „ „ „

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA	BANDOENG
Telf. 252	Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

BYTA

Inggih poenika barang tjoewèr, pirantos kanggé ngitjali tjèt, tir, pernis, plitoer, tindjanen lsp.
Oegi kénging kanggé ngresiki djobin marmer, djobin semèn lan djobin tégel.
Damel resiking barang girahan tanpa mawi dipoenkoembah.
Saben 1 gendoel sarékanipoen nganggé f 0,35.
Mawi dipoenwadahi ing drum tosan sarta mawi toetoep sekroep, netto 125 K. G.,
ing 1 K. G. mipoen . . . . f 0,30.
Oeliran kanggé drum waoe saben 1 f 1.—

Verffabriek R. B. FRIELING.
GONDHOMANAN 80 DJOKJA.

Boeat toean poenja
Recept^2

ERCEE

APOTHEKEN
Rathkamp & Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda-speda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.
Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:
Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

26 Désèmber. (djoemoewah Pon).

Pangènget-pèngetipoen wijosan Dalem Sri Jésoes.

Grédja Santo Joesoep:
Djam 6 éndjing Mis ageng.
Grédja Santo Franc. Xav.:
Djam 7 éndjing Mis ageng.
Djam 5.30 sonten Lof.
Grédja Santo Antonijoes Kotabaroe:
Djam 6 éndjing Mis mawi menjanjian.
Djam 7.30 „ Mis ageng.
Djam 5.30 „ sonten Lof.

Kagoenan Kristen.

Béndjing Mei 1931 ing Padua badé wonten tentoonstelling internationaal mitontonaken kagoenan-kagoenan Kristen gagambaran, retja-retja, lan sanès-sanèsipoen. Tentoonstelling waoe dangoenipoen doemoegi Juli 1932.

Moeljakaken S. Antonijoes.

Ing Padua madeg komité kanggé tjatjawis amoeljakaken sédanipoen S. Antonijoes sampoen pitoeng atoes taoen. Komité waoe anjebar serat, angadjak tijang saloemahing djagad sami soedjarah dateng Padua, preloe moeljakaken S. Antonijoes wonten Grédja-agoeng ing Padua.

Djempolan Katoelik ing Hindoe.

Pawartos saking Bombay njarijosaken bilih koran-koran saking golongan warni-warni sami anggetoeni panoentoen Katoelik ing Indoe Josef Baptiste ingkang nembé poenika kapoendoet ing Pangéran.
De Times of India anggantjarakеn lalabetanipoen panoentoen poenika ngantos tigang kolom, sarta ladjeng tjarijos: „Marga ngadjalé Josef Baptiste ing djagad oemoem kélangan djempolan Katoelik lan kabangsan."
Josef Baptiste poenika panoentoen ingkang mempeng sanget pangoedinipoen amrih tanah Hindoe mardika, boten kebawah Inggris. Nanging pijambakipoen tansah ngemohi sadaja panindak ingkang toemoedjoe damel onar, oet. panindak ingkang boten leres, soelaja.
Wonten pilihan oemoem ingkang wekasan, tijang Katoelik ingkang kapilih inggih namoeng pijambakipoen poenika.

Bekti, taklim lan pandonga
koela
ing dinten Rijaja Wijosan Dalem lan wekdal alal bahalal
Katolik.
Brajat **Dwidjasaraja.**

KABAR OEMOEM.
Indonesia.

Koerdanipoen redi Merapi.

Damel pedjahipoen tijang gangsal welas.

S w a r a g o e m a l o e d o e g d j a w a h a w o e.
Wiwit kemis 18 Dec. éndjing, nginggil Merapi katingal peteng. Ing nglebet goenoeng, tansah kapireng swara goemaloedoeg, toewin ambengengeng ngadjrih-adjrihi.
Kirang langkoeng djam 8.45, redi waoe ngedalaken lahar wedi bentèr, wonten ingkang ladjeng medal ing lèpèn Blongkèng.
Ing Ngajodja (kita) lan kiwa tengenipoen katawis wonten djawah-awoe, saja mangalèr djawahipoen saja deres. Ing Kalioerang wonten djawah endoet, malah ing Sléman djawah krikil alit-alit. Kali-Koening toekipoen Waterleiding Ngajodja oegi kampiran „djawah endoet", damel karisakan. Sawenèh sakolahan bawah Ngajodja wonten ingkang kaantoekak endjam 11, malih wonten ingkang djam 8.
Kasangsaran.
Manoet pawartos ing bawah Moentilan wonten tijang g a n g s a l w e l a s sami njamboet damel ing sabin ing panggènipoen lèpèn Blongkèng, tiwas.
Bentèring hawa margi lahar angrisakaken tataneman sabin lan pategalan ing bawah Sroemboeng lan Doekoen (Moentilan) ± 500 baoe, sami garing; lan wonten ingkang katoetoepan wedi. Mloroting lahar ngéntasaken wit-witan ingkang katradjang (± 100 M). Lahar waoe mlampahipoen doemoegi djam satoenggal, sarta tebihipoen ± 6 K.M., wijaring lahar mawi-mawi wijaring lèpèn Blongkèng, menawi karatjak ± 50 M.
Ron-ron sata gadahanipoen kaboedidajan-kaboedidajan ing sakiwa tengenipoen Ngajodja inggih katah ingkang risak. (Djawah awoe waoe doemoegi Klatèn, Sala) Menawi ingkang kapoerih ndjagi grija vulkanologische dienst ing Maron (nginggil Sroemboeng), kala semanten sampoen mladjeng, margi kawon.
Djawah awoe ing Ngajodja ± djam 5 (dinten Kemis) sampoen menda. Sonten ngadjengaken djam pitoe, saking Ngajodja poetjoekipoen redi Merapi saben-saben katingal moeroeb anjemboeraken latoe, sarta lahar kinemoela ing peteng. Swara goemroenggoeng lan goemaloedoeg wiwit kapireng malih.
Djemoewah éndjing 19/12 '30 Merapi taksih katingal peteng. Djemoewah malem Setoe ing Magelang, Moentilan, Mendoet lan kiwa tengen djawah „endoet."
Setoe éndjing, ing Ngajodja sampoen boten wonten poenapa-poenapa. Nanging manoet palapoeranipoen t. Schilling, ass. res. Bajalali nitik kawontenan-kawontenan, koerdanipoen redi Merapi dèrèng kénging dipoenwastani sampoen rampoeng.

Ichtijaripoen Bestuur.

Dipoenichtijari sarana brondjongan soepados lahar boten medal lèpèn Lamat (Moentilan), sageda medal ing lèpèn Praga. Nanging inggih kelampahan saged loebèr medal Lamat; manawi makaten ingkang tjalon kasangsaran ageng Moentilan.

Koran Hoedyana.

Ing Ngajodja béndjing Djanoewari badé wonten koran kanggé laré-laré, basa Djawi aksara Latin lan Djawi. Medalipoen sawoelan kaping kalih, regi f 0,75 sakwartal. Redaksinipoen wonten Poerwakinanti Djokja. Administratie Broederan Djokja.

SAKING KARANGANJAR.

Br. martosaken: Bekelbond.
Nalika dinten Setoe tg. 13/12-'30, ing Karanganjar (Bagelen); kaadegaken pakempalanipoen para poenggawa doesoen, wasta „Bekelbond." Lidipoen sampoen 28 ran; moegi-moegi pakempalan poenika, sageda saé wohipoen, saha soeboer gesangipoen, wasana ndajani dateng sanès panggénan.

Djawah deres.

Nalika dinten Minggoe (malem Senèn tg. 14/15. Dec.) wiwit djam ± 4 ing ka. wonten djawah deres; ngantos ing satoenggiling papan, taneman sami kebandjiran (res. ond. Kemoedjan lan dis. Poering sisih lèr),- mesakaken! Lan margi satjelakipoen kita Karanganjar, keleb ± 1 M. lebetipoen. Tojaning lèpèn Loek-oela oegi radi tirah, ngantos mampir-mampir dateng padoesoenan ing satjelakipoen. Déné prakawis angsal tijang lan damel risak, panjerat boten mireng kabar.—

Loerah salingkoeh.

Koela nampi kabar saking tijang ingkang kénging kapitados, bilih ing onderdistr. Sroeweng. reg. K.A. wonten satoenggiling loerah njalingkoehaken jatra paos ± f 950. Loerah waoe ladjeng ngitjal; mitoeroet kabar, jatra waoe ladjeng dipoentopi déning Glondong ingkang ngerèhaken. Doemoegi titi mangsa poenika poen Loerah waoe taksih njèloeman.—
Hemmmm, kok taksih wonteeeen mawon. Bok inggih ngatos-atos ta sadèrèk—! Béndjing poenapa kita dipoenpitados?
Jèn taksih ngaten?—

Pakempalan Koperasi Kradénan.

Hoeroebisma njarijosaken:
Kradénan nembé madeg Crediet lan Verbruikscoöperatie. Nalika kempalan karawoehan, sesoelih poelitie 9, (wadoeh, apa itoe maoenja Crediet en Verbruikscoöperatie ???) tamoe saking pakempalan Coöperatie 2, lan oegi pandjenenganipoen toean A.W.
Béndjing panèn (tjara doesoen lo) saged sami oeroen malah Bestuur saged angsal lid boten kirang 300. Sapoenika 40. Sanèsipoen saweg tèken dèrèng oeroen.

SAKING TEMPOERAN.

Lengganan 624 martosaken:

Alit ning madjeng.

Tempoeran, Magelang sanadjan alit wonten pakempalan koperasi.
I. Soegiha-arta: gadahanipoen prijantoen pagantosan, banda f 300, warga 10.
II. Mirasa: ingkang ngadegaken goeroe Missie, banda f 300, warga 12.
III. Kedjawi ing nginggil wonten pakempalan anama *Gita-Gati-Roemeksa-Warga* toedjoenipoen njoepeketaken prijantoen Tempoeran. Sampoen gadah banda f 218 lan bekakas-bekakas kanggé perloening warga.
Lengganan no. 624 waoe ngéman sanget déné pakempalan G.G.R.W. poenika manawi bakda parepatan sok aben koetjing kalijan babi.
Koela ngingetaken lengganan no. 624, manawi nglebetaken kabar ing koran kita mawia basa Djawi kémawon, dados boten soesah mawi basa Mlajoe, lan kedah ingkang tjekak. Dlantjang ingkang dipoenserati kendah namoeng sa-rai. Jèn ngantos makaten malih, kita kepeksa boten saged matjak. Prakawis kita pandjenengan poerih nglebetaken kabar pandjenengan dateng koran-koran ingkang pandjenengan seboetaken ing serat, poenika dédé babagan kita. *Red.*

Nglawan tajoeb.

Kanti bingah lan djoemoeroeng sanget, koela ngewrat serat ing ngandap poenika:

SOERAT TERBOEKA
Seroean Terhadap Ra'jat Indonesia.

K o e b o e r k a n l a h t a j o e b d a n - t o m b o' - s e r t a - b o e b o e h a n d a n t j a r a (M a d.) s t e l s e l !
Tajoeb dan tombo' serta boeboehan dan tjara stelsel adalah satoe kebisaan, jang:
a. Merendahkan dan meroesak kesopanan.
b. Merendahkan dan meroesak tabi'at kita (pemabokan).
c. Menimboelkan tauladan jang tidak baik bagi anak-anak kita.
d. Menghina kaoem perempoean.
e. Meroesak oeroesan harta benda (kadang-kadang berdjoedi).
f. Mendjeroemoeskan orang kedalam tjengkeraman silintah darat.
g. Dapat menimboelkan bib't perselisihan diantara kita dengan kita, jang akibatnja kadang-kadang menjedihkan serta menjeramkan boeloe badan kita.
h. Menggoda atau meroesak keamanan orang beroemah tangga. Sebab itoe, karena hal-hal jang terseboet didepan tadi terang dan njata mendjadi penghalang^2 pengambat bagi langkah kemadjoean bangsa dan tanah air kita, maka di Pamekasan telah didirikan seboeah C o m i t e p e m b a s m i t a j o e b d a n t o m b o' s e r t a b o e b o e h a n d a n t j a r a s t e l s e l, jang akan berichtiar sekoeat-koeatnja oentoek melenjapkan kebiasaan terseboet, serta ta'poetoes-poetoes siang dan malam berseroe kepada sekalian bangsa kita seloeroehnja.
B o e a n g k a n l a h k e b i a s a a n j a n g t e l a h l a p o e k i t o e !
K o e b o e r k a n l a h t a j o e b d a n t o m b o s e r t a b o e b o e h a n d a n t j a r a s t e l s e l i t o e !!
I n g a t l a h: Sesoeatoe ketjatjatan dapat hilang kalau boekan kita sendiri jang menghilangkannja!
Barang siapa merasa tjinta akan Ra'jat kita, haroeslah menjokong aksi ini.
I n s j a f l a h w a h a i B a n g s a k o e !!

Salam nasional.
A h m a d B r o t o a m i d a r m o. (Voorzitter.)
A b d o e l M o e h n i A (Secr.)
S o e k a r i s (Penm)
A t m o n e g o r o) Comm.
H a d j i M o e s t a f a)

Pangasilan gemeente Kediri.

Gemeente Kediri salebetipoen November pikantoek pangasilan arta f 11. 218. 76. Taksiran pangasilan ing salebetipoen taoen poenika: f 170. 217. 52. Mangka arta pangasilan salebetipoen sawelas woelan ing taoen poenika klempakipoen saweg f 122, 602. 74.

Arta kertas ingkang karisak.

Salebetipoen November arta kertas ingkang karisak wonten Algemeene Rekenkamer: arta kertas njaroepijahan damelan Nederland 640. 000, damelan Amerika 120.000; lan kertas njaringgitan damelan Nederland 360. 000 lembar.

Aksi P. S. I. I.

Béndjing 28 December poenika R. S. P. S. I. I. sa-Indonesia ngawontenaken parepatan oemoem sareng toenggil sadinten angrembag malaise, erfpacht, heerendienst lsp.
(Sw. Publiek).

Ngatoeri kasoegengan.
ing dinten 25 Désèmber lan wekdal alal-bahalal Katolik 26 — 30 — Djanoewari.
Redaksi lan Administratie.